

A. ENTWODIKSYON

Community Charter School of Cambridge (CCSC) aksepte demann enskripsyon nan men tout elèv ki se rezidan Massachusetts nan moman y ap fè demann nan. Kandida yo dwe rete rezidan Massachusetts pou yo vin elèv nan lekòl la. CCSC sèvi elèv depi nan sizyèm rive nan douzyèm ane, epi li pran nouvo elèv nan 6yèm rive nan 9yèm ane sèlman. Chak ane, lekòl la ap detèmine kantite plas ki disponib nan chak ane selon kapasite a nan ane sa a ak kantite elèv nou panse k ap retounen. Lekòl la ap mete yon demann enskripsyon pa lotri disponib sou sit wèb lekòl la ak nan biwo resepsyon an. Pwosesis enskripsyon an nan CCSC pa antre nan sa distrik Cambridge Public Schools la.

B. KRITÈ ADMISYON YO POU ENSKRIPSYON

Enskripsyon nan CCSC pa gen diskriminasyon ladan epi li louvri pou elèv k ap antre nan 6yèm, 7yèm, 8yèm ak 9yèm ane epi ki se rezidan Massachusetts nan moman y ap fè demann nan, epi ki rete rezidan Massachusetts pandan yo se elèv nan CCSC. Gen de kritè pou elèv yo kalifye pou enskri:

1. Li obligatwa pou fanmi yo bay prèv rezidans gras a youn nan dokiman ki annapre yo lè y ap soumèt demann enskripsyon an:
 - a. Yon bòdwo sèvis piblik ki date mwens pase 60 jou. Kòm egzanp bòdwo sèvis piblik ki akseptab gen bòdwo telefòn, gaz, kouran, oswa kab, men bòdwo telefòn mobil pa ladan.
 - b. Yon bòdwo dlo oswa yon eta kont ipotèk ki date mwens pase 60 jou
 - c. Yon kontra lokasyon ki valid nan dat demann nan.

Si yon fanmi pa bay prèv rezidans oswa si nou detèmine yon fanmi bay fo enfòmasyon rezidans, n ap anile demann nan, n ap revoke òf enskripsyon an, epi/oswa n ap anile enskripsyon elèv la.

Kandida ki pa gen kay yo kalifye pou fè demann admisyon, epi n ap okipe demann yo an menm jan avèk tout lòt demann yo. Definisyon kandida ki pa gen kay yo ap konfòm a Lwa sou Asistans pou Moun ki Pa Gen Kay McKinney-Vento a (McKinney-Vento Homeless Assistance Act); li gen ladan kandida ki rete nan refij tranzisyon oswa nan motèl, ki rete lakay lòt moun poutèt difikilte ekonomik, elatriye. Pou tabli preferans nan admisyon baze sou rezidans, CCSC ap kolekte prèv rezidans aktyèl oswa pwovizwa nan men elèv nou gen dwa konsidere kòm kwa yo pa gen kay sou yon baz ka-pa-ka.

2. Anvan premye jou lekòl ane li enskri a, elèv la dwe reyisi ane ki vin anvan ane l ap chèche admisyon ladan an. N ap kontakte fanmi ki pa bay prèv elèv la reyisi ane ki vin anvan an nan nimewo telefòn ak adrès postal ki sou pake demann ak enskripsyon orijinal yo a pou fè yo konn sa, epi n ap revoke òf enskripsyon yo a.

CCSC pa fè kandida yo pase tès ni nou pa akòde enskripsyon baze sou rezilta ankenn tès kapasite oswa pwogrè. Nou mete elèv nou aksepte yo, sepandan, nan yon ane espesifik lè nou fin fè evalyasyon nivo pou yo. Se pa tout elèv n ap akòde yon plas nan ane yo fè demann enskripsyon pou li a. Elèv nou aksepte yo ap kenbe plas yo nan CCSC kèlkeswa ane nou mete yo ladan.

N ap fè tout kandida yo konnen pa ekri dwa elèv ki bezwen ansèyman diferan yo genyen pou yo vin nan lekòl endepandan an epi pou yo resevwa akomodasyon ak sèvis ankadremman, pami elèv sa yo gen sa ki gen dwa gen enfimite, bezwen ansèyman espesyal, oswa ap aprann lang angle. Enfòmasyon sa yo ap disponib ansanm avèk demann enskripsyon pa lotri a, sou papye òf admisyon inisyal la, nan materyèl difizyon yo, sou sit wèb lekòl la ak nan manyèl elèv la.

CCSC pa fè diskriminasyon baze sou ni ras, ni koulè, ni orijin nasyonal, ni kwayans oswa relijyon, ni sèks, ni idantite seksyèl, ni gwoup etnik, ni oryantasyon seksyèl, ni enfimite mantal oswa fizik, ni laj, ni orijin zansèt, ni pèfòmans atletik, ni bezwen espesyal, ni metriz lang angle oswa yon lang etranje, ni pwogrè akademik anvan sa lè n ap rekrite oswa admèt elèv. Tout enfòmasyon nou mande yo nan pake enskripsyon an, tankou lang ou pale lakay ou oswa ras/gwoup etnik ou, pa fèt ni p ap sèvi pou fè diskriminasyon.

Malgre nou ankouraje anpil tout kandida yo ak paran/gadyen yo pou yo vin nan yon Pòt Ouvè pou konprann misyon CCSC, CCSC pa egzije pou elèv potansyèl yo ni fanmi yo vin nan entèvyou ni nan reyinyon enfòmasyon kòm kondisyon pou fè demann enskripsyon, pou jwenn admisyon oswa pou vin kòm elèv nan lekòl la. CCSC pa mande frè demann enskripsyon ni li pa sèvi avèk rekonpans finansye pou rekrite elèv.

C. PWOSESIS DEMANN ENSKRIPSYON AK LOTRI A

CCSC kòmanse aksepte demann enskripsyon chak otòn pou pwochen ane eskolè a. CCSC p ap fikse ankenn dat limit pou demann enskripsyon prensipal la ni tire ankenn lotri enskripsyon pou admisyon elèv pou ane eskolè k ap vini an anvan 1ye janvyè, epi l ap fèmen pwosesis enskripsyon prensipal li a nan dat 15 mas pou pi ta chak ane. N ap anonse tout dat limit yo pou soumèt demann enskripsyon nan lotri omwen yon mwa anvan dat limit demann yo. Lekòl la ap aksepte demann enskripsyon jiska yon semèn anvan dat lotri a. N ap bay yon semèn preyavi anvan chak lotri enskripsyon. Ou dwe ranpli demann enskripsyon nan lotri a kòm sadwa, yon fason klè epitou bay prèz rezidans pou antre yon elèv nan pwosesis lotri a. Si sa ta rive pou lekòl la resevwa demann enskripsyon apre dat limit ki pibliye a, n ap kenbe demann sa yo nan biwo lekòl la epi n ap mete yo nan pwochen lotri n ap pibliye a, si sa nesèsè. CCSC dwe fini avèk lis datant inisyal la pou tout ane lotri prensipal la tabli yo anvan li tire lòt lotri. Tout kandida yo dwe rezidan Massachusetts nan moman demann enskripsyon an, epi yo dwe rete rezidan Massachusetts pou yo ka elèv CCSC. W ap dwe bay prèz rezonab rezidans aktyèl oswa estati frè/sè nan moman n ap fè òf admisyon an.

Konfòmman a konstitisyon CCSC a ak Lwa Massachusetts la sou Lekòl Endepandan (Massachusetts Charter School Law), n ap admèt kandida yo nan lòd preferans ki annapre a:

1. Rezidan Massachusetts ki gen frè/sè ki deja elèv CCSC. Frè/sè ki kalifye yo se timoun ki gen yon menm paran, keseswa byolojik oswa pa adopsyon, avèk yon elèv ki enskri nan CCSC, epi ki rete nan eta Massachusetts nan dat limit demann enskripsyon an epi pandan yo lekòl CCSC. Timoun ki rete nan menm kay men ki pa gen ankenn menm paran ni byolojik ni adoptif pa konsidere

frè/sè nan sa ki konsène lotri a. Nou defini yon elèv kòm “elèv aktyèl” lè li vin lekòl pandan omwen yon jounen konplè nan CCSC epi li rete enskri nan CCSC.

2. Rezidan Cambridge: Kandida ki rete nan limit vil Cambridge nan dat limit demann enskripsyon an.
3. Tout lòt rezidan Massachusetts: Kandida ki rete andeyò limit vil Cambridge, men nan eta Massachusetts nan dat limit demann enskripsyon an. Nan moman an, Konsèy Edikasyon Elemantè ak Segondè Massachusetts la (Massachusetts Board of Elementary and Secondary Education, BESE) limite enskripsyon nan CCSC a rezidan Cambridge oswa frè/sè elèv aktyèl yo jiskaske pousantaj rezidan Cambridge ki nan lekòl la atenn oswa depase 80 pousan kantite elèv total ki nan lekòl la. CCSC ankouraje fanmi ki pa rete nan Cambridge yo epi ki gen pitit yo ki pa gen frè/sè ki enskri kounye a nan CCSC pou yo rete aktif sou lis datant nou an, epi pou yo fè nou konnen si adrès yo oswa lòt enfòmasyon pou kontakte yo chanje. Si limitasyon yo sou enskripsyon nou dekri pi wo a chanje, n ap mete ou okouran.

Si gen mwens elèv ki antre nan lotri a disi dat ki deklare pou tire lotri a pase plas ki disponib yo, n ap otomatikman ofri elèv sa yo ki ranpli demann nan yon plas nan lekòl la. Nan ka gen mwens plas pase kandida ki kalifye, n ap aksepte elèv pou admisyon gras a yon pwosesis lotri. Si pwosesis enskripsyon prensipal la pa arive ranpli plas admisyon ki disponib yo, lekòl la ap kontinye pwosesis enskripsyon an pou chak ane, si sa nesèsè, jiskaske klas yo plen nan ane sa a depi pwosesis sa a jis ak ouvè epi lekòl la bay preyavi piblik rezonab omwen yon mwa anvan dènye delè pou fè demann nan. N ap respekte tout pwosesis ki obligatwa yo pou lotri a yon fason estrik pou chak lotri nou tire. Lè gen plas ki vin disponib pandan ane eskolè a, yon lekòl gen dwa repete pwosesis enskripsyon an pou ranpli plas sa yo epi pou respekte egzijans G.L. c. 70, § 89(n). 603 CMR 1.05(8) yo. CCSC sèvi avèk yon jeneratè chif aleyatwa sou òdinatè pou tire yon nimewo idantite lotri inik pou chak kandida. Lè lòd priyorite ki jenere yon fason aleyatwa a fin tabli pou tout kandida yo nan chak ane, n ap aplike preferans nan admisyon. N ap ofri admisyon sèlman bay frè/sè elèv aktyèl yo ak kandida ki rete nan Cambridge yo, jiskase nou ranpli kondisyon enskripsyon BESE mete a. N ap mete tout lòt kandida yo sou lis datant la konfòmman a politik lekòl la sou lis datant. Paran/gadyen yo te mèt kontakte lekòl la pou yo konn nimewo idantite lotri pitit yo a yon jou louvrab anvan lotri a.

Lotri a fèt an piblik nan sal 235 bilding ki nan 245 Bent Street, Cambridge, MA 02141 an. Lotri a ap fèt elektwonikman, epi yon pati net ap sètifye pwosesis la pa gen paspouki epi chwa sa a aleyatwa. Tout kandida yo ofri admisyon yo ap resevwa nouvèl la pa lapòs ak/oswa pa imèl ak/oswa pa telefòn. Apati 1^{ye} janvyè jiska 30 jen, paran/gadyen yo dwe aksepte òf admisyon yo pa ekri disi de semèn (14 jou) apre dat anons la. Elèv yo ofri admisyon apre 30 jen gen yon semèn (7 jou) apati dat anons la pou yo aksepte plas la. Lekòl la ap an kontak avèk fanmi yo pa telefòn, pa lapòs epi pa imèl ant dat anons la ak dat limit pou aksepte a pou fè fanmi yo sonje gen yon òf enskripsyon yo te voye nan adrès lakay yo. Si yo pa aksepte enskripsyon an anvan dat limit pou aksepte a n ap ofri pwochen kandida ki sou lis datant la plas la. Ou dwe bay prèv rezonab rezidans aktyèl oswa estati frè/sè nan moman nou fè òf admisyon an.

Elèv yo dwe vin lekòl disi dis premye jou yo sipoze kòmanse a (paregzanp, premye jou lekòl la) konfòmman a politik lekòl la sou prezans. Si yon elèv pa vini, lekòl la ap retire li nan lis elèv li aksepte yo epi l ap kòmanse pran elèv nan lis datant la. Lè sa a, n ap retire elèv la nan lis datant la epi li pa gen pozisyon espesyal ankò. Elèv la dwe fè demann ankò nan yon lòt sik demann enskripsyon si fanmi an swete yo konsidere li ankò pou enskripsyon.

Elèv sa yo ki, si yo enskri nan lekòl la, ap lakòz distrik ki voye yo a depase plafon ekolaj la, oswa ki pa respekte kondisyon BESE tabli a, pa gen dwa resevwa òf admisyon, men y ap rete sou lis datant la. Elèv plafon ekolaj la aplike pou yo, men ki se frè/sè elèv aktyèl lekòl la, gen dwa enskri epi fè eta a peye ekolaj yo, si gen fon ki rezève pou sa.

D. POLITIK SOU LIS DATANT LA

Si kantite kandida a pou yon sèten ane, ki satisfè kritè kalifikasyon yo pou ane sa a, depase kantite plas ki disponib yo, n ap mete kandida sa yo nan yon lis datant pou ane sa a nan lòd nimewo lotri aleyatwa yo a (n ap pran an konsiderasyon preferans pou frè/sè ak pou rezidan, ki toulede gen dwa chanje avèk letan.) Poutèt limitasyon sou enskripsyon BESE enpoze yo, tout elèv ki pa rezidan Cambridge oswa frè/sè elèv aktyèl gen dwa rete sou lis datant la alòske rezidan Cambridge yo ak frè/sè elèv aktyèl yo gen dwa rele kalifye pou admisyon.

Si yon elèv kite CCSC oswa refize admisyon, n ap ofri premye elèv kalifye ki sou lis datant la pou ane sa a plas la pa telefòn oswa pa ekri, selon pwosesis lotri ki pi wo a. Apati 1^{ye} janvyè jiska 30 jen, paran/gadyen yo dwe aksepte enskripsyon an pa ekri disi de semèn (14 jou) apre dat anons la. Elèv yo admèt apre 30 jen gen yon semèn (7 jou) apati dat anons la pou yo aksepte plas la. Pa gen elèv k ap resevwa admisyon anvan lòt elèv ki kalifye ki te deja sou lis datant la pandan yon pwosesis enskripsyon anvan sa, eksepte nan ka kote preferans nan enskripsyon yo chanje oswa jan sa dekri nan 603 CMR 1.05. Si elèv nou admèt la refize oswa pa reponn òf enskripsyon an disi dat limit nou bay la, n ap retire li nèt nan lis datant la epi l ap gen pou li refè demann admisyon an si li swete vin nan CCSC nan lavni. Nou pa konsève lis datant la chak ane. Si yon elèv ki kite CCSC swete retounen nan CCSC, li dwe refè demann admisyon an.

CCSC ap kenbe dosye kòrèk lis datant la ki gen non (non batèm, dezyèm non, non fanmi), dat nesans, vil rezidans, ane, adrès lakay ak nimewo telefòn elèv ki te antre nan lotri a men ki pa t jwenn admisyon.

E. AJOUTMAN ELÈV

Si, lè ane eskolè a fin kòmanse, yon elèv ki nan 6yèm, 7yèm, 8yèm oswa 9yèm ane sispann vin nan lekòl la poutèt nenpòt ki rezon, lekòl la ap eseye ranpli plas lib yo jiska 15 fevriye. Tout plas lib ki pa ranpli apre 15 fevriye ap monte nan ane ki vin apre a, si ane sa a pa ni 10yèm, ni 11yèm, ni 12yèm. Plas pou elèv ki aksepte òf admisyon nan lekòl endepandan an men ki pa janm vini pa fè pati règ sa a. Lekòl la ap kenbe lis datant la sèlman pou ane eskolè elèv la te fè demann pou li a. Apre 15 fevriye nan yon sèten sik demann enskripsyon, tout demann ki sou lis datant la anile. Elèv ki swete yo konsidere yo pou ane k ap vin apre a dwe refè demann enskripsyon ak re-antre nan pwosesis lotri a.

F. ELÈV K AP KONTINYE

Elèv ki deja enskri nan CCSC pa bezwen refè demann ni re-enskri. Si yon elèv ki enskri pa vin lekòl, n ap aplike politik ak pwosedi yo ki gen pou wè avèk prezans.

G. DIVILGASYON ENFÒMASYON SOU ELÈV

Community Charter School of Cambridge ap genyen epi ap egzekite yon plan pou rekrute ak kenbe elèv jan sa rezime nan M.G.L Chapit 71, Seksyon 89(f); CMR 603 1.05(f). CCSC respekte konfidansyalite elèv li yo ak fanmi yo donk nou p ap bay pati eksteryè enfòmasyon sou elèv sòf si lalwa mande pou nou fè sa. Konfòmeman a Lwa M.G.L. Chapit 71, Seksyon 89(g), CCSC ap bay yon ajans reklam dirèk eksteryè eta a apwouve lis adrès li a sou demann distrik eskolè vil kote CCSC ye a, sòf si paran an mande pou lekòl la pa bay enfòmasyon sou pitit li. Paran yo kapab soumèt demann sa a pa imèl bay enrollment@ccscambridge.org oswa pa telefòn nan 617-354-0047. W ap jwenn enfòmasyon sa yo tou nan mwayèn pou elèv ak fanmi an.

H. Plan Devlopman

Depi 27 fevriye 2017, Konsèy Edikasyon Elemantè ak Segondè a limite nouvo enskripsyon a rezidan Cambridge epi a frè/sè elèv aktyèl. Nan moman an, elèv ki fè demann admisyon nan CCSC oswa ki sou yon lis datant pou admisyon epi ki rete andeyò Cambridge epi ki pa gen yon frè/sè ki se elèv aktyèl nan lekòl la **p ap resevwa òf admisyon** nan CCSC. Poutèt egzijans yo nan konstitisyon lekòl endepandan an, Konsèy Edikasyon Elemantè ak Segondè a enpoze limit sa a sou enskripsyon jiskaske pousantaj rezidan Cambridge ki nan lekòl la atenn oswa depase 80 pousan kantite elèv total ki nan lekòl la. Si limitasyon yo sou enskripsyon nou dekri pi wo a chanje, n ap mete ou okouran.

CCSC ankouraje fanmi ki pa rete nan Cambridge yo epi ki gen pitit yo ki pa gen frè/sè ki se elèv aktyèl nan CCSC pou yo rete aktif sou lis datant nou an, epi pou yo fè nou konnen si adrès yo oswa lòt enfòmasyon pou kontakte yo chanje.

CCSC p ap admèt yon kantite elèv ki depase efektiv yo apwouve pou lekòl la ak kantite ki nan plan devlopman ki presize kòm yon tèm esansyèl konstitisyon amande lekòl la. Kantite total elèv ki nan yon lekòl endepandan yon sèten ane eskolè pa kapab depase kantite total elèv ki nan rapò anvan enskripsyon lekòl la soumèt kot Depatman an nan prentan anvan an konfòmeman a 603 CMR 1.08(5).

Ane	AF18	AF19	AF20	AF21	AF22	AF23
6	37	45	45	45	45	60
7	65	62	65	64	63	60
8	62	65	65	65	64	63
9	46	62	65	65	65	64
10	50	43	58	61	61	61
11	54	47	41	55	57	57



Politik Enskripsyon Community Charter School of Cambridge

617 354-0047 T
617 354-3624 F
enrollment@ccscambridge.org |
245 Bent Street
Cambridge, MA 02141
www.ccscambridge.org

12	51	51	44	38	51	54
Total	365	375	383	393	407	420

Chif ki pi wo yo se prediksyon ki kapab chanje baze sou varyasyon natirèl nan enskripsyon yo (paregzanp, elèv ki double). Nou gen dwa ajoute elèv nan ane ki kolorye an vèt yo pou ranpli plas vid ki vin genyen jiska nan dat 15 fevriye.